

# Südzeit

Eine Welt Journal Baden-Württemberg


Nr. 95 | Dez. '22 | 5 Euro



Mwoba muzi Uburundi?  
Reka tubaratire igihugu dukorana  
kandi dufitaniye ubunwe.

DEAP

Dachverband Entwicklungspolitik  
Baden-Württemberg e.V.

- 
- 3 Kaze mu Burundi!
  - 4 Kuki turi abagenzi
  - 6 Ikawa ikomeza ubucuti
  - 8 Turashobora kwigishanya
  - 11 Hagiye kuba icuka ciza
  - 12 Imisozi miremire,  
abasiganwa ku makinga
  - 14 Igihe Umwami yabeshwa

*Vyasobanuwe mu Kirundi na Linda Voll*


# Kaze mu Burundi!

Mwoba muzi Uburundi igihugu gifashanya n'Ubudagi mu karere ka Bade-Wurtemberg? Imigenderanire iri hagati y'Uburundi na Bade-Wurtemberg yavutse mu mwaka w'ighumbi kimwe amajana icenda na mirongo umunani. Mu bihumbi bibiri na cumi na kane niho iyo migenderanire yemejwe n'amategeko mugihugu no mumakungu. Murahawe ikaze m'ukumenya igihugu c'Uburundi.

- Uburundi n'umutima w'Afurika. Igisagara ca Bujumbura ariwo mugwa mukuru kiri kubirometero bishika kubihumbi bitandatu n'ijana uvuye i Stuttgart muri Bade-Wurtemberg. Ighugu c'Uburundi gihana imbibe n'ighugu c'Urwanda, Tanzaniya na Republika Iharanira Demokarasi ya Kongo. Uburundi bufise ishusho nziza hamwe n'ibikoko vyinshi vy'ubwoko butandukanye. Kuko hataramutse, ikirere caho kiragereranye.
- K'uburinganire bungana n'ibirometero kwadarato ibihumbi mirongo ibiri n'umunani, Uburundi buri mubihugu bitoyi muri Afurika. Turetse nivyo Uburundi buri mubihugu bigizwe n'imisozi itaramutse kw'isi. Uburundi bugizwe n'imisozi miremire (imetro 1400–1800) hamwe n'uburebure uvuye kukiyaga bungana n'imetro 1504.

• Uburundi bubawemwo n'abantu bangana 440 ku kirometero kwadarato, ni kimwe mubihugu bibamwo abantu benshi kwisi kukirometero kwadarato. Uburundi bugomba kungana na Bade-Wurtemberg.

- Mu Burundi havugwa indimi zikurikira: ikirundi, icongereza n'igifaransa. Mu banyagihugu bashika ku millioni cumi na zibi n'igice baba mu Burundi, benshi muribo babeshejweho n'uburimi. Mu bitegwa bibabeshejeho harimwo ibitoke, imyumbati, ibigori, ibijumbu, umuceri, amasaka, uburo, ubumera n'imboga. Ikawa n'icayi bishogwa mu Bihugu vyo hanze. Ighugu kirutunze ubutare.
- Uburundi butunze urwaruka rungana n'ibice mirongo ine na bitanu kw'ijana. Urwo rwaruka rufise imyaka iri munsi y' icumi n'itanu. Mu kigereranyo imyaka yo kubaho y'abanyagihugu ishika kuri mirongo itandatu n'ibiri. Abanyagihugu benshi babaye m'ubukene.
- Mu myaka mirongo. Itatu iheze, ibice birenga icagatatu c'amashamba acimeza vyarahonye. Ariko hariko harashirwamwo intego muguteragira ibiti kugira hasubire kuba amashamba. Umwe mu migambi ikomeye n'uw'uburimi bw'ikawa yubahiriza umurimyi kandi ibiti vyayo birimwa kijambere.



BURUNDI



Raïssa  
Mpundu

Avuga ati:  
Ndashira umwete mu  
vyo nkora kubera ko  
nzi kw'intango mbi  
ishobora kunagugwa  
ndetse ikavyara  
imigenderanire myiza  
biciye mu kwicisha  
bugufi no m'ubushake.

Horst  
Gorbauch

Nk'uwyuserukira  
paruwasi ya  
Mutagatifu Yohani i  
Tübingen, agerageza  
gushigikira  
"iviyumviro vyiza  
biva mu Burundi".



## Kuki turi abagenzi

Abantu babona imigenderanire hagati  
y'Uburundi na Bade-Wurtemberg muburyo  
butandukanye. Uburonero bune.

### Dukeneeye ihangiro

Ubudagi n'Uburundi burahuriye kuri kahise - ariko ako kahise katanguye ata mwumvikano uhabaye. Ukwikukira kw'Uburundi kwatumye imibano ija ku ntambwe nshasha: gufasha muntumbero y'iterambere hamwe n'imigenderanire mubijanye n'amagara y'abantu, uburezi, gushira mungiro gahunda ya 2030, imicokama n'ibindi. Imigenderanire itezwa imbere n'uguhura. Ariko, ntidukwiye kwibagirwa ko ukwo guhura kuba kwashatswe, kugategugwa canke kukaba muburyo butateguwe. Twaramenye ingaruka zatewe no guhura muri kahise. Ubu tugomba gufata ingingo dukore kubigizwe n'imigenderanire yacu muntumbero yo guteza imbere ihangiro rusangi. Ndabishiramwo ugushaka kuko nizera guteza imbere ihangiro dusangije. Ndashira umwete mu vyo nkora kubera ko nzi kw'intango mbi ishobora kunagugwa ndetse ikavyara imigenderanire myiza biciye mu kwicisha bugufi no m'ubushake. Uko igithe cagiye kiragenda igisata canje cakazi carahindutse, guhera ku bijanye n'ukwikura m'ubukoroni (canke ibijanye n'ukugerageza kuva m'ubukoroni), ibiganiro n'ibikorwa mpuz'amakaminuza hamwe n'itunganywa ry'imigambi itandukanye. Biratera inteqe kandi ndabikunda vy'ukuri. N'ibikorwa n'ubwitange kandi nkuko ndavyibaza ni n'ihangiro.

Raïssa Mpundu akorera Fondasiyo y'iterambere ya  
Bade-Wurtemberg, SEZ, i Stuttgart

## Abavyeyi baratezwa isoni n'abana babo bagendana ubumuga

Sijewe natanguje ibikorwa vy'imigenderanire n'Uburundi ariko mbandanya ivyo abandi batanguye. Imigenderanire hagati ya paruwasi gatolika ya Mutagatifu Yohani i Tübingen n'inzezo z'i Muyinga/Burundi yabayeho kuva mu 1993, imbere yuko intambara itangura mu Burundi. Izo nzego ni Paruwasi ya Mutagatifu Marie de Lourdes n'ikigo ca Mutagatifu Jean Bosco c'abagendana ubumuga. Twiyemeje gukora mu migambi ibiri: biciye muri paruwasi, dushigikira impfuvyi zigendana umugera wa Sida n'imiryango yakiriye abo bana. Tubafashisha ibifungurwa, ibikoresho vy'ishule n'ibindi. Hamwe n'ivyo dukorana n'umukenyezi ayoboye ikigo ca Mutagatifu Jean Bosco. Afise iviyumviro vyinshi vyiza bituma abana n'urwaruka bafatwa neza: twovuga nko kugura inka ikamwa birasahiriza mu bijanye n'ingaburo hamwe n'uruganda rw'imisegetera rutanga akazi k'urwaruka. Impfuvyi zigendana umugera wa Sida be n'abagendana ubumuga bwaba ubwo k'umubiri canke m'umutwe, nta gateka bahabwa. Barakeneye gufatwa mu mugongo. Abavyeyi benshi baratezwa isoni n'abana babo bagendana ubumuga. Ndaheimbarwa cane iyo mbonany n'abagenzi muri Afurika - naho atari iminsi yose bampa inkuru nziza, ubuheruka uwo dukorana yanyandikiye ku butumwa ngurukanabumenyi inkurikizi z'uruzuba zigaragara no mu Burundi.

Horst Gorbauch, paruwasi ya Mutagatifu Yohani, Tübingen.



Verena  
Stamm

Abona ko  
abanyagihugu  
b'Uburundi bishimiye  
cane ubucuti.  
Yipfuza vyinshi  
mu kwungurana  
ivyiyumviro cane  
mubijanye n'uburezi  
hamwe n'amagara  
yabantu.

Thilo  
Kehrer

Muri Afrika ntiyari  
kugira umugisha  
wo kuba umukinyi  
w'umupira w'amaguru  
bikamubera umwuga  
- Thilo Kehrer arabizi  
neza. Uyu munsi  
arashaka cane gutera  
intege urwaruka mu  
Burundi.



## Ndipfuza ukwungurana ivyiyumviro cane

Kuva ntanguje iri shirahamwe mu ntumbero yo gufasha, bivuye ku ntambara yamaze imyaka 12 hamwe n'ingaruka mbi zayo, kwungurana iviyumviro n'amashirahamwe y'Ubudagi vyarangiriye akamaro cane. Uku kwungurana iviyumviro kurifuzwa n'abanyagihugu b'Uburundi, kuko babona Ubudagi nk'igihugu baftaniye imigenderanire ikomeye kandi yifuzwa. Kukaba nkako Ubudagi bukora bushimwa, kandi bufise ishaka ryo kwigisha, gutez'imbere ubumenyi be no guter'inkunga. Iyo nkunga mubijanye n'uburezi hamwe n'amagara y'abantu biramfasha cane gushira imigambi yanje mungiro. Mu gihe kiri imbere ndipfuza gutez'imbere ihanahana ry'ivyiyumviro hagati y'amashure n'ibindi bigo bikora mu vy'inigisho canke mu bijanye n'amagara y'abantu. Twarafashije urwaruka mukuronka uburenganzira bwo gukurikirana ivyigwa m'Ubudagi. Vyoba vyiza ubwo bumenyi bwigishirijwe mu Budagi bunonosorewe mu Burundi. Harakenewe cane kwitabwaho, ibijanye n'amagara y'abantu. Akensi Afurika y'ubumanuko bwa Sahara ibonwa ko yihebuye atacizere igifise. Murico gice c'Afurika abantu bafise imibano myiza, baratanga kaze mu ntumbero yo kumenyana n'abandi. Hategerezwa kuronswa ubushobozi k'urwaruka bwo kwiteza imbere mubijanye n'ubumenyi.

*Verena Stamm aba mu Gihugu c'uburundi kuva mu 1972  
Niwe yatanguje ishirahamwe Fondation Stamm. Iryo Shirahamwe riftise umugwa mukuru mu gisagara ca Bujumbura.*

## Ubuzima budatwarirwa hejuru

Naragize amahigwe yo gukurira mugihugu c'Ubudagi be no gukurikiranwa neza m'umugwi w'abakinyi b'umupira w'amaguru. Abavyeyi banje babaye mugihugu c'Uburundi, igihugu c'Urwanda be no mubindi bihugu bitandukanye vyo muri Afurika. Iyo tuguma tuba muri Afurika n'abavyeyi banje, nta mahigwe nari kugira yo gukora umwuga wo gukina umupira w'amaguru. Nisunze ivyo, ndifuza cane gufasha abanyafurika na cane cane abarundi kuko igihugu c'Uburundi ari igihugu c'amavukiro ca Mawe yanyibarutse. Ndafise abaryango baba mu Burundi, narabagendeye akatari gake kandi n'igihugu nsanzwe nzi. Hari ubuzima nyabwo, burenze kwigaragaza gusa be n'ugusayangana gusa. Abanyagihugu banezerezwa na bike bafise. Benshi baba mu bukene. Benshi muribo bafise munsi yimyaka 20. Ndashaka gufasha na cane cane urwaruka kugira rugire ubushobozi bwo kwitegurira kazoza. Mukwezi kwa gatandatu umwaka w'i 2021 haruguruwe Ishirahamwe Thilo Kehrer Center muntara ya Gitega. Muri iryo shirahamwe abanyeshule barafashwa ku bijanye n'umwuga bifusa kuzokora muri kazoza. Turanakora kandi ibi bikurikira: gutanga inyigisho zitanga umuco ku rwaruka, ukwigisha mubijanye no kwigenga, kwiga indimi zitandukanye, ubuhinga ngurukana bumenyi k'ubuntu, be ububiko bw'ibitabu nkarisha bwenge. Nagira ngireko nter'intege abandi kudufasha muri ivyobikorwa vyacu kandi ndabahimirize gukubitiza akajisho ku buzima bwo mu Burundi butandukanye nubwo bamenyereye.

*Umukinyi w'umupira w'amaguru akaba anakinira igihugu c'Ubudagi Thilo Kehrer; yakuriye mugisagara ca Tübingen mu Budagi. YIfatanije n'umuryango wiwe yaruguruje Fondasiyo Thilo Kehrer "Terimbere".*


# Ikawa ikomeza ubucuti

Inkuru yint sinzi yat angujwe nintete zikawa zi Burundi. Akanovera nimigenderanire uno musi biragendana.

Haraheze imyaka ishika umunani, muri Bade-Wurtemberg twarakiriye intete za mbere z'ikawa zivuye mu Burundi. Kariko kawa kambere twakiriye kavuye kubo dufitanye amasezerano yo gukorana bo muri Afurika y'ubuseruko. Ibisata vyinshi vya Weltladen vyaritayeho kumenya ibijanye nico giterwa c'akarorero. Ubu ikawa iradandazwa mu mazu yabo y'ubudandaji. Vyose vyatanguye mu mwaka w'i 2013. Ico gihe, twipfuza gukomeza imigenderanire hagati ya Bade-Wurtemberg n'Uburundi nogushinga imizi y'ijo migenderanire mu mibereho ya misi yose y'abanyagihugu ba Bade-Wurtemberg. Twarashigikiye bikomeye iciyumviro c'imigenderanire ishingiye kw'ikawa y'Uburundi. Iterambere mubisata vyinshi ryarakurukiye, novuga nk'iyemezwa ko ikawa twakira ariyo mu burimyi bwubaha ibidukikije (ivyo bita certification bio) mbere, igihambaye twarashoboye gushiraho umushinge ukomeye w'akazoza. Kukaba nkako imigenderanire yacu ishingiye kw'ikawa ari imbarutso ikomeye mw'iterambere rirama kandi rifasha mugusahiriza imibereho myiza kumiryango irenga ibihumbi cumi na kimwe.

## Igihugu gikenye kw'isi

Mu ngereranyo mpuzamakungu z'ubutunzi, mu Burundi umuntu yinjiza ku mwaka amadolari agera kuri 260, ivyo bikerekana



Ikawa yo mu Burundi ni gahuza Abantu.

ko ari co gihugu ca mbere gikenye kw'isi. Bitayeko gitunzwe cane n'uburimyi bw'ikawa. Isi ndimwa nayo ikaba igeramiwe n'inkukura ivuye kw'ihonyw ry'amashamba. Ugereranje, umuryango urima igice c'ihegitari gusa - ni hato cane kugira ngo umuntu aronke agahembo gakwiye. Ku rundi ruhande, imiryango mito mito yo muri Amerika y'epfo, ifise amatongo ari hagati ya hegitari 2-3 zo kurimamwo ikawa. Ibi nivyo bigaragara: abarimyi baba badafise ibindi biterwa njabukamazi atari ikawa, amatongo yabo ageramiwe n'inkukura kandi ari mato cane. Inyishu (naho idashemeye), ivugwa cane, ikwiragizwa na banki y'isi, itegekanya ko habaho uburimyi bw'ikawa busanzwe hifashishijwe ifumbire mvaruganda. Yamara, ibi bisugura ko imiryango mito mito itegerezwa kwisunga gusarura ikawa nziza hamwe nihindagurika ry'ibiciro kw'isoko mpuzamakungu. Kubera ko

ahantu ho kurima kuri buri muntu hadashobora kwagurwa mugihugu kandi gifise ibibazo vyerekeye ubwigenge bwo gufungura neza nubwo ikirere cari ciza; ubwo burumyi twavuze haruguru ntibushika ku ntego bwishingiye. Niyo mpamvu, Weltpartner yatanguje mbere igatez'imbere iciyumviro co kurima no guceruza ikawa irimwe mu buryo bwitwa agroforesterie (uburimyi buvanga ibiterwa mbumbarugo, ibiterwa njabukamazi n'ibiti).

## Agroforesterie n'ubuhinga ngirakamaro?

Umugambi watanguye muri 2019 wari ufise intego yo gufasha imiryango mito mito, cane cane kugira ishobore kwikaza neza hamwe no gushobora gushoboza ibicuruzwa kama. Ibi bishikwako mugushira imbere uburimyi-kama bw'ivyamwa n'imboga vyo soko y'ibiribwa vy'akamaro kandi



Agroforesterie itezimbere ibiribwa, irinjiza kandi irinda ikirere.

bigakora nk'intungamubiri y'isi. Uretse ibitoki n'ibiti vy'ipapayibihinduka birebire, ivyamwa bigiraignitutu kinini nka ficus, Neem, Grevillea n'ubundi bwoko butanbwatewe. Bikanyisha Hasi kandivyunguka imyumbati n'ibindi biribwa bifise intungamubiri. Kandi bitanga igitutu gikenewem'ukurima ikawa ya Arabica.

### **Ibiterwa vyose bitewe hamwe kandi bikurira hamwe: imboga, Ficus n'akawa**

Inkukura irwanywa n'imzi y'ibiti kandi umuvuduko wogutwarwa kw'isi uragabanuka bitewen'ibinyabuzima vyinshi. Kandi munyuma ya vyose, ivyo bitinavyo birashobora gukoreshwa mu kwubaka amazu. Ku barimyi birumvikana ko inyungu y'ibiti atari kubikoresha nk'inkwi zo gucana, ariko bikaba ishingiro ry'ibidukikije, bishoboka gufasha

isi ndimwa kugirango dutange umwimbu ushemeye, ikawa hamwen'amafaranga. Ni intsinzi ikomeye y'umugambi w'uburimyi kama, twe n'abafatanyabikorwa bacu; ishuri rikuru ritanga inyigishokuvy'amashamba ry'i Rottenburg, iherekejwe na Naturland e. V. kandi iterwa intege na leta ya Bade-Wurtemberg, ubu yashizehonk' "urugero rwiza". Si abarimygusa bafise ishaka. Ibiharurobiragaraza ko: imiryango igeria ku 11.000 irunguka bivuye kumugambi w'uburimyi kama, (dufatiye k'umuryango usanzwe aba n'abantu bagera ku 77.000). Amakoperative 18 yo mu Burundi yemewe ari m'urunani rw'abarimyi b'ikawa COCOCA, barateragira mubisanzwe ubwoko umunani bw'ibiti. Akarorero, kuva umugambi utangura urugero rw'ibiti 273.722 bifise igitutu kinini, ibiti vy'amapapayi 34.425 n'ibiti vy'igitoki 31.570 vyaratewe. Intsinzi ikomeye y'umugambi

iri mugutez'imbere umutekano w'ibiribwa mugusahiriza amahera mumiryango biciye mukugurisha ikawa isaruwe ku giciro ciza. Vyongeye kandi, bitanga umusaruro muburyo bwo kurwanya ihindagurika ry'ikirere n'ingaruka zaryo.

### **Ubudandaji bwizewe bukomeza imigenderanire.**

Intsinzi y'uwu mugambi ushingiyekumigenderanire ni igikorwa kidasanzwe c'amashirahamwe yigenga. Iruhande y'inyigisho zitari nke ku buryo uburimyi mbumbarugo n'ubw'ibiterwa nkabukamazi bufatanywa n'uguter'ibiti (ivyo bita systemes agroforestiers), izonyigisho zikaba zatangwa n'abafatanyabikorwa bo mu Burundi no mu budagi, aha umuntu yovuga Kaminuza y'i Bujumbura n'ishirahamwe COCOCA; abakorera mu maduka yitwa Weltladen hamwen'abashigikira ubucuruzi butez'imbere umurimyi (bwitwa commerce équitable) bo mu ntara ya Bade-Wurtemberg barakoze bimwe bishimishije mu guha ubuzimi ibikorwa vy'imigenderanire baranayizana ahagaragara mu buzima bwa misi yose ku bantu baba muri iyo ntara ya Bade-Wurtemberg. Turizera ko ibintu vyapolitike mu Burundi bibandanya kuba vyiza, ku buryo ibikorwa vyaleta bishobora gukorwa, kugira ngo haboneke intsinzi irama ku bantu ibihumbi. Reka rero tubikore!

*Thomas Hoyer, atwara koperative WeltPartner eG i Ravensburg.  
Iyo koperative niyo igura ikawa yimburirwa mu bikorwa vy'imigenderanire kandi ikayigura ku giciro gitez'imbere umurimyi mu Burundi, ninayo yatanguye uwo mugambi w'uburimyi bukoresha ubuhinga bwa agroforesterie.*

# Turashobora kwigishanya

Imigenderanire hagati  
y'abantu igenda gute?  
Ni kuki ari nkenerwa?  
Ikiganiro.

**Ishirahamwe SEZ rifise umugambi  
wo kubeshaho imigenderanire  
hagati y'Uburundi na Bade-  
Wurtemberg. Muvyifatamwo gute?**

**Muna Hassaballah:** Bade-Wurtemberg n'Uburundi bikorana muburyo butandukanye. Uruhara rwa SEZ rushobora kuvugwa mu ncama mu bice bine: Ica mbere, SEZ ihuza abantu bipfuza gukorera i Burundi canke mu mashirahamwe yo mu Burundi canke amashirahamwe arondera imibonano canke ubucuti muri Bade-Wurtemberg. Uguhuza abantu nico gikogwa nyamukuru c'ishirahamwe SEZ. Imibonano n'inkoramutima kugira iki kigorwa kije mungiro. Ica gatatu n'uguteza imbere imigambi mu Burundi no muri Bade-Wurtemberg. „bwirk!  
Burundi“ n'amafaranga yagenewe gufasha imigambi irangurirwa mu Burundi. Umugambi ushobora guhabwa amafaranga agera ku 20.000 vy'ama euro. Turetse n'ico kigega hariho n'ubundi buryo bwo gufasha. Uburyo bwa kane ni uguterera inguvu n'iviyumviro mubijanye na dekolonizasiyo mumigenderanire.

**Bivanye nuko ivya politike  
y'Uburundi bitariko bigenda neza,  
Ministeri yashimikiye ku migambi  
y'intango y'amashirahamwe  
adaharanira inyungu za politique.  
Abategamiye leta boterera iki  
kur'ivyo?**

**Philipp Keil:** Ibikorwa biri hagati ya Bade-Wurtemberg n'Uburundi vyubakiye kumibonano n'ubucuti.

Uko imyaka igenda niko iyo mibonano n'ubucuti bikura. Vyoba vyiza havutse imigenderanire ku nzego zose tutibagiye urwego rwa politike. Mu myaka cumi iheze vyabaye ngombwa ko imigenderanire i Bade-Wurtemberg ishimikira ku rwego rudaharanira inyungu za politique. Politike ntiygenga mubadaharanira inyungu zayo. Gukomera kw'urwego rudaharanira inyungu za politike birafise ingaruka kuri politike.

**Aline Dusabe:** Mubibera i Burundi muriki gihe, hariho akarusho umuntu agereranije no muri kahise. Ako karusho kagaragarira mw'iyugururwa ry'imbibe hagati y'ighugu cacu n'Urwanda. Muri diplomasi no mu bumwe bw'ibihugu vy'uburayi haheruka gukurwaho ibihano ku banyapolitike batatu bo mu Burundi. Mur'abo banyapolitike batatu harimwo Ministeri wa mbere. Kuva amatora y'umukuru w'ighugu yo mu mwaka

w'ibihumbi bibiri na mirongo ibiri abaye, harabaye akarusho ku cizere c'amashirahamwe adaharanira inyungu za politike. Nk'akarorero: Abafatanyabikorwa bakora mu bijanye n'agateka ka zina muntu hamwe n'abakora mubijanye n'ukumenyeshamakuru bafashe ingingo yo guteza imbere abakenyezi mu kubinjiza mu nzego zifata amategeko. - nk' iradiyo yigenga Bonesha FM, ishirahamwe ry'abamenyeshamakuru b'abagore n'iradiyo Umuco. Urwego rudaharanira inyungu za politike rufise uruhara rukomeye m'ubuzima bw'anyagihugu. Ayo mashirahamwe niyo abanyagihugu baca bitura, kuko nibo bazi ivyo abanyagihugu bakeneye kandi niyo bakorana mugushira imigambi yabo mungiro. Murico gihe SEZ ica yitanga mu gufasha ibijanye n'ukurangura imigambi itandukanye y'abanyagihugu. Imigambi mirongo umunani kw'ijana iharanira iterambere ry'umukenyezi.

Ibimenyetso vy'imigenderanire mu nama ya BW Burundi muri Gitugutu 2022.



Abakenyezi bensi mu Burundi ntibaramenya ukwigenga haba no muburyo bw'amafaranga. Ninayo mpamvu mubikorwa iri shirahamwe rishimikirako harimwo gutega amatwi no guherekeza aba bantu batishoboye. Hariho imigambi iharanira ukwigenga kw'abakenyezi biciye mu bikorwa bivyara inyungu, ibikogwa bijanye n'ukugwiza umwimbu. Ivyo vyose bikaba muntumbero yo kwigenga. Nk'akarorero: ishirahamwe SEZ ryaratanzo umutahé wo kugura intungwa n'ibitegwa mu ntumbero yo kurima be n'ukworora. Abakoze uwo mugambi, baragurisha igice c'umwimbu ikindi naco bakagikoresha m'umuryango. Imigambi myinshi ya SEZ ikorera k'uburimyi n'ubworozi kubera aribwo buryo butunze abanyagihugu barenga ibice mirongo icenda kw'ijana. Amashirahamwe ategamiye leta arakorana n'inzezo hamwe n'abayobozi bo mugihugu mubijanye nuko agateka ka ba ntaho nikora katohonyorwa.

### Niki abantu mu Burundi biteze ku migenderanire? N'ibiki bisa imbere ya vyose?

**Aline Dusabe:** Amashirahamwe ubu yipfuza ko SEZ ibafata mu mugongo mugushira mungiro imigambi yabo yokwiyungunganya no kwiteza imbere mugihe kirekire. Bizofasha cane abantu bensi ba ntaho nikora.

### Inyungu z'ivyo twiyemeje gukorana n'Uburundi yibonekesha gute muri Bade-Wurtemberg? Ni kuki iyo migenderanire ari ngirakamaro kuri twebwe?



Muna Hassaballah,  
Umuyobozi w'ibikorwa  
vy'imigenderanire  
Bade-Wurtemberg n'Uburundi, SEZ

Philipp Keil,  
Umuyobozi, SEZ

Aline Dusabe,  
Umunyamakuru n'Umujenama  
SEZ mu Burundi (ifoto ibubamfu)

### Ni hehe ishirahamwe ridaharanira inyungu za politike ryoshika mu kwitanga?

**Philipp Keil:** Imigambi myinshi ishirwa mungiro yifadikanije na politike. Nk'akarorero m'ubumenyi canke kubijanye n'amagara y'abantu.

### N'ibihe vyipfuzo mufise muri kazoza?

**Aline Dusabe:** Mu Burundi hari abakenyezi bensi be n'urwaruka rwinshi babaye m' ubukene, badafise ico bakora. Kuriyo mvo, icipfuzo canje nuko abanyagihugu dukorana boja hamwe kugira ico kibazo gitoregwe umuti.

**Muna Hassaballah:** Nipfuza ko hobaho ahantu hagenewe imibonano yisunga ibikorwa biduhuza. Aho hantu h'ihuriro hoba i Bade-Wurtemberg be no mu Burundi. Ahantu ho guhurira n'ukwungurana kuri bose, na cane cane dushimikiye ku rwaruka. Tukaronka ikibanza kiberamwo ibijanye n'imico kama, ibijanye n' iterambere ry'umuntu ndetse n' ikibanza gishobora kuvukiramwo ihangiro.

**Philipp Keil:** Mu Burundi narashoboye kubona ubutunzi bw'imico kama n'ubuntu bw'abantu. Ivyo vyigwa bituma twisuzuma, tukishira muri kabaza ku bijanye n'imibereho yacu. Twese hamwe ni vyinshi twokwiga muri ivyo bisata.

**Muna Hassaballah:** Naho mu migenderanire atari ngombwa ngo tubibonemwo inyungu turabona mu bikorwa vyacu ko Bade-Wurtemberg ishobora kwigira vyinshi k'Uburundi. Nk'akarorero mu bikorwa vyacu ko yose biraboneka ingene abantu batandukanye bava murivyo bihugu bibiri bafatana ugutandukanye. Kandi baramenya uko bifata mubihe bigoye. Ugukorana n'Uburundi kurashobora kwigisha Bade-Wurtemberg kubijanye n'imico kama hamwe n'inyifato. Ni nkuko imigenderandire yoterera mubijanye n'ukwiga ivya kahise k'abakoloni b'abadagi.

**Aline Dusabe:** Imigenderanire ni ngirakamaro k' Uburundi no k'Ubudagi. Ugukorana n'uguhura hagati y'abanyagihugu bo mu Budagi no mu Burundi bituma havuka ubucuti hagati yabo. Barigishanya kubijanye n'imico kama be n'inyifato.

**Philipp Keil:** Nipfuza ko imigenderanire iri hagati y'Uburundi na Bade-Wurtemberg yokura, ubucuti buri hagati y'Uburundi n'Ubudagi bugakomera kurusha, Ubuzima bw'abanyagihugu bugatera imbere. Nkaba nongera nipfuza ko urwego rwa politike rwokubaka umubano.

### Mw'ishusho

#### Ishirahamwe (SEZ) ni ishirahamwe ryigenga.

Ryashinzwe mu 1991 n'urwego rushinga amategeko i Bade-Wurtemberg. Iryo shirahamwe rifasha imigambi y'iterambere rikongera rigahuza ibikorwa vyigenga, vy' ikomine hamwe n'ivyuturere mu ntumbero

yo guteza imbere ugukorana n'ibihugu vy'ubumanuko.

Uburundi: kw'izina rya leta iryo shirahamwe ryohuza ibikorwa n'Uburundi kandi rigaherekeza imigambi y'iterambere ironka amafaranga ya Leta yo guterera imigambi. Ikigega „bwirk!“ cageneWE gufasha imigambi mu Burundi n'Uburundi. Mu gisata

BW-Burundi ca SEZ, cahora citwa "Burundi competence centre", hakorerwa ibikorwa vy'imigenderandire hagati y'abafise amashirahamwe adaharanira inyungu za politike, abanyamashengero hamwe n'abanyapolitike bo muri Bade-Wurtemberg. Amanama yo gushigikira imigenderanire no kuyikomeza yama yabaye.

### Imigambi y'abakerebutsi i Burundi

#### Ishirahamwe rifasha abakenyezi

**n'abandi bakenye gufatwa mu mugongo:** Iryo shirahamwe ryashigikiwe mu migambi yaro incuro zibiri na SEZ. Umugambi wa mbere war'ubo gufasha imiryango mirongo ine y'abakenyezi. Abashingantahe babo bakenyezi bari mw'ibohero. Umugambi wa kabiri war'ubo gufasha imiryango igeramiwe n'ubukene.

Kur'ivo ishirahamwe SEZ ryahaye igkorwa imiryango 50 co gukoresha ifumbire ry'ikirundi mu ntumbero yo guteza imbere ugukorana hagati y'uburimi bw'imboga hamwe n'ubworozi bw'ingurube.

Christelle Buzubona, uwuserukira iryo shirahamwe, arashima cane ukwitwararika kw' ishirahamwe SEZ n'intererano itangwa mu mashirahamwe adafise uburyo bwo kuronka imigenderanire n'amashirahamwe mpuzamakungu. Imiryango yararonse ibitungwa n'ibiterwa bituma ishobora kuriha ibikoresho vy'ishule vy'abana. Buzubona Christelle aterereye iciyumviro c'uko amashirahamwe yo ku rwego rwo hejuru yokorana n'amashirahamwe kavukire kukiringo kinini mu ntumbero yo gufasha igitigiri kinini c'abanyagihugu babaye m'ubukene.

**Dukorere hamwe:** Iciyumviro c'uwo mugambi ni ukugira imfungurwa



Christelle Buzubona (Hagati) hamwe na Mariam Akimana mu Burundi.

be n'umushahara bikwiye vyisunze ubworozi bw'ingurube bufiswe n'abantu 40 bahoze ari abarwanyi bo mu ntara ya Gitega mu Burundi. Adèle Minani arongoye iryo shirahamwe afasha abakenyezi bavuye mugisirikare, na cane cane abakenyezi bataciye ku ntebe y'ishule. Hama haraje iciyumviro co kuja hamwe mu ntumbero yo gufashanya be no gukora ibikorwa vy'iterambere. Uyu munsi abo bafashwa bose bafise ingurube zishika kuri munani be n'ikibanza co kurima. Ubu abakenyezi barahabwa agaciro mu kibano.

**Umugambi uharanira ukugwanya ubukene mu rwaruka:** Iryo shirahamwe rifise imigambi ikurikira: gufasha urwaruka mu ntumbero yo kwigenga. Igikenewe

kur'ivo n'ukubagurana amafaranga y'umutahe be no kubafata mu mugongo mugihe bazoba bariko bikorera utwabo. Mur'ico gihe barakora hama bagasubiza wa mutahe baguranwa. Ayo mafaranga asubijwe iryo shirahamwe rica riagurana abandi bafise imigambi yo kwikorera utwabo ibantu bikabandanya uko. Mur' uyu mwanya urwaruka rurenga mirongo itanu rwaratumye haboneka ibibanza vyo gukoramwo canke ruri munzira nziza. Iryo shirahamwe rifise icipfuzo co gufasha Uburundi mu ntumbero yo kugwanya ubushomeri mu rwaruka.

*Ivyo vyigwa vyatororokanijwe na Aline Dusabe, umunyamakuru akaba n'umujenama wa SEZ mu Burundi. Iyo migambi itatu ifashwa na SEZ.*

# Hagiye kuba icuka ciza

Hamaze gutanguzwa ku mugaragaro imigenderanire, munyuma havuye haduka indyane mu Burundi bituma abanyapolitike bahagarika iyo migenderanire.

Iyo migenderanire yoba yifashe gute ubu?

Bade-Wurtemberg n' Uburundi bafitaniye imigenderanire kuva mu myaka y'i 1980 naho hahavuye haduka indyane za politike n'intambara. Ishirahamwe rya Bade-Wurtemberg rishingiye kw'iterambere n'imigenderanire (SEZ) ryatangujwe mu mwaka w'i 1991 kugira rifashe rinakomeze umuhora w' Uburundi. Mu mwaka w'i 2009, ikigo "Burundi competence center" carashinzwe. Igihe mu mwaka wa 2012 abanyaghugu bitanga mugushiraho ingendo n'amategeko agenga iterambere rya Bade-Wurtemberg, bashize agaciro kanini ku migenderanire. Hakurikiye amasezerano



Umunyamabanga wa leta, Rudi Hoogvliet ashaka gukomeza imigenderanire.

mpuzabihugu y'imigenderanire mu mwaka wa 2014, aha ubwigenge abandanza batobato bwo kwinjira muriyo, n'abahuza barashatse kuyajamwo biciye mu mashirahamwe adaharanira inyungu za politike. Hanyuma hakurikiye imyaka y'indyane za politike mu Burundi. Amakungu yashizeho ibihano, vyahavuye bihagarikwa mu ntango z'umwaka wa 2022. Ibi vyuguruye "umuryango w'amahirwe". Twipfuza kuwukoresha muguhimiriza abo bose bashigikiye iyo migenderanire mu myaka y'amakuba. Ivyo bica mu gushigikira imigambi y'amashirahamwe adaharanira inyungu za politike, ugfashanya hagati y'abantu kubandi n'imigambi ashimikiye ku migambi.

Umugambi w'uburimyi n'ugukingira amashamba n'uw'akarorero. Bivuye kur'ivyo hashinzwe inkingi mu mugambi w'imigenderanire mugisata c'ikawa. Ifatanya SEZ, WeltPartner eG, Coca, Naturland na Kaminuza y'i Bujumbura hamwe n'i Rottenburg. Uko haca igihe, ubuhinga bwa none m'uburimyi, ukubwemeza no kubushigikira vyarashizweho mu kurwiza umwimbu no kudandaza ikawa bivuye muri iyo migenderanire. Ihangiro rusangi ry'urunani rushingiye ku migenderanire ni gutera intambwe yubakiye kw'iterambere n'umutekano w'imfungurwa, ibomboka ry'ubutunzi n'ikingirwa ry'ikirere n'ibidukikije, rikaba ikiraro cizewe kandi gikomeye mu migenderanire yacu.

Dutewe intege niryo terambere, twipfuza guteza imbere imirwi yisununuye gato, mu kiringo kirekire, twishimikije ubuhinga twashizeho. Kur'ivyo, twishimikiza impanuro z'igisata kijejwe imigenderanire n'iterambere c'Ubudagi hamwe n'ivyavuye mumubonano n'Uburundi igenekereo rya 28 Gitugutu 2022 no gufata nkama



Muri 2014 Minisiteri wa mbere Winfried Kretschmann (isburyo) na Minisiteri Laurent Kavakure (ibumafu) bashyize umukono ku masezerano y'ubugenderanire.

ibisata bikurikira: amagara y'abantu, indero, uburongozi hamwe n'ubushakashatsi. Uburongozi bw'ighugu bwashizeho ihimirizwa ry'imigenderanire mu mugambi wabwo hama Inama nshingamateka yongereje amahera abigenewe munteguro y'amahera yayo. Nohimbarwa duteye iyindi ntambwe muri iyi nzira y'imigenderanire yacu, ishingiye ku gukorana mubungane, ku kwigishanya no ku kiyago cubaka.

*Umunyamabanga wa Leta Rudi Hoogvliet,  
Minisiteri ya Leta ya Bade-Wurtemberg*

# Imisozi miremire, abasiganwa ku makinga

Ukumenya Uburundi biciye mu ma maso y'umuhinga w'amareresi.

Twasavye umuhinga w'amareresi Amani Papy yerekane amareresi yiwe abiri mu mareresi yakoze ku Burundi.

## Intoke n'ibirenge

Ireresi ya mbere nakoranye na programme ya Berlinale World Cinema Fund yitwa intoke n'ibirenge kandi yandurutse ku nkuru nyayo.

**Incamake:** Tuguru, n'umwana w'impfumvyi w'imyaka icumi n'itandatu, n'umukinyi w'umupira w'amaguru aba mu Buyenzi mu gisagara ca Bujumbura. Aripfuza gushika kure mu rukino rw'umupira w'amaguru nk'umukinyi yemera cane Drogba. Icipfuzo ciwe kironka inzira yo kuja mungiro: umufasha w'umufaransa yaramuhaye iburuse yo kuja mu Bufaransa kwiga ibijanye n'ugukina umupira w'amaguru. Sewabo amaze kuvyumva, aca ashima ko umuhungu wiwe w'ikinege, akunda ubuzima bwo mw'ijoro bubera mu gisagara ca Bujumbura, ariwe yoronka iyo buruse akagenda mu kibanza ca Tuguru. Ugukoresha igiturire mubanyagihugu b'uburundi: Ireresi ya Roland Rugero, yakozwe na Amani Papy Jamaica.

**Icigwa c'iyo teresi:** Uburundi bufise urwaruka rushika ku bice 67%. Urwo rwaruka rufise ingabirano nyinshi m'ubuhinga no mu mico kama. Ubushomeri bwinshi urwo rwaruka rubayemwo butuma ruja kurondera ubuzi mu bihugu vyo hanze. Kenshi urwo rwaruka ntiruronka kazoza keza murivyo bihugu vyo hanze.

Ireresi "Intoke n'ibirenge" ishobora kurabirwa aha hakurikira:  
<https://youtu.be/UW-nKxsE5ak>



*Amani Papy Ndikumana, izina ry'ubuhinga Amani Papy Jamaic canke Amani Papy, n'umuyobozi w'icicaro cageneewe gukora amareresi. Yakoranye na Nations Unies mu ntumbero yo gusohora amareresi; ari mu bashinze Berlinale Talent Campus; ari kandi no mu bahinga bakora amareresi bo muri Afurika y'ubuseruko muri gahunda One Fine Day Film, ndetse akaba n'umwe mu bagize ibirori vy'amareresi ryitwa Filmfestival ryo muri Afurika y'ubuseruko.*



Amasanamu mugihe co gutunganya ireresi Dangerous Roads.



### Amabarabara arimwo intureka nyinshi

Mw'ireresi „Dangerous Roads“ nisunze kurondera be no gushira hamwe inkuru zishira ababona abagendesha amakinga i Bugarama.

**Incamake:** Iyo reresi iherekeza abagendesha amakinga kw'ibarabara RN1. N'ibarabara rimwe mu mabarabara arimwo intureka nyinshi yo kw'isi. Iryo barabara rihana imbibe n'Urwanda m'uburaruko rigashika k'umupaka wa Tanzania mu bumanuko. Abagendesha amakinga benshi baca muri iringo barabara bashoye ibidandazwa. Ikinga rimwe riratwara ibiro bishika ku majana abiri. Iyo reresi irabaherekeza mur'urwo rugendo. Baca mu turere twiza cane tubereye ijisho, mu mitumba mito mito gushika kw'ihinguriro ry'inzoga y'ibitoke canke ku cicaro c'iradio. N'ireresi ya Adama Ulrich, yashizwe hamwe na Amani Papy bafadikanije n'intererano y'amafaranga ava mu Bahinga Fernseh Büro Berlin GmbH.

**Icigwa c'iyo reresi:** Iyo reresi yaratumye Uburundi bwerekawwa mu buryo buryoheye ijisho. Akazi ko gushira hamwe iyo reresi ntikari koroshe. Twarakurikiye abagendesha amakinga, ari nabo batwara bakanakwiragiza ahanini ibidandazwa mu gihugu. Bazanira ibifungurwa abantu babikuye ku birometero amajana. Baraterera mw'iterambere mukugwiza ibifungurwa vy'abanyagihugu. Iryo barabara ririmwo amasanganya menshi. Benshi murabo bashoferi b'amakinga baracari bato, bafise imyaka iri hagati ya 19 na 45. Umushahara bakuye murizo ngendo urababeshaho be n'imiryango yabo.

Ireresi Dangerous Roads ishobora kurabirwa aha hakurikira:  
[https://youtu.be/EdNp\\_wC2uMA](https://youtu.be/EdNp_wC2uMA)



# Igihe Umwami yabeshwa

Ingaruka z'akahise  
basangiye ziracibonekeza.  
Uko vyose vyatanguye.



Umwami Mwambutsa,  
1915 – 1966 n'abadagi

Ubucuti hagati y'Ubudagi  
n'Uburundi buramaze igihe.  
Umwami Mwezi Gisabo (1852 -  
1908) arafise uruhara rukomeye  
muri ubwo bucuti. Uwo Mwami  
yaragwaniye abarabu bagira  
urudandazwa rw'abanyafurika  
muri Afurika yo mubuseruko.  
Abo barabu yarabiyamirije kugira  
ntibinjire mugihugu c'Uburundi.  
Ico gikorwa cagenze neza kubera  
ukumenya kwitwara k'umwami  
mubijanye na politike be n'ukwivuna  
umwansi. Uburundi buri mu bihugu  
bike muri Afurika y'ubumanuko  
bwa Sahara butabaye mur'urwo  
rudandazwa rw'abanyagihugu  
rwatwagwa n'abarabu. Uburundi  
bwarishimiye iyo ntsinzi yo  
kurwanya Rumaliza (Itazirano  
ry'uwatwara urwo rudandazwa).

Mu nama yabereye i Berlin  
(1884-1885), Uburundi bwaciye  
buharurwa mugice c'Afurika  
y'ubuseruko catwarwa n'abadagi.  
Mu mwaka w'ighumbi kimwe  
amajana umunani na mirongo  
icenda na gatandatu, abadagi  
barashinze ibiro vy'ambere  
vy'igisoda i Kajaga na Usumbura.  
Ubu n'umurwa mukuru w'ubutunzi

mu Burundi. Mur'ico gihe Ubudagi  
birabunanira kwigarurira Uburundi  
kubera abadasigana (abasirikare ba  
Mwezi) babagwanije. Abadasigana  
bararwanya imirwi yose yaza  
yinjira mu gihugu kuko yabonwa  
ko arimigwi ishigikiye Ubudagi.  
Uko iyo migwi ibujijwe kubandanya  
urugendo n'abadasigana, abadagi  
baca bafata ingingo yo kwhora.  
Mu 1898 uwurongoye umugwi  
w'abadagi von Bethe yarasheshe  
amaraso mu ntara yatwarwa na  
Ntarugera. Mu 1899 harabaye ikindi  
gitero kigwanya abadagi. Uwo  
mugwi wari munzira ija i Mugera.

Inyuma y'ico gitero abasirikare  
ba Mwezi Gisabo barabandanije  
kurwanya abadagi gushika aho  
umwami Mwezi abona ko abadagi  
bafise ibigwanisho bikomenye  
gusumba ivy'abarabu. Kandi iyo  
abandanya indwano n'abadagi  
abasirikare biwe bari guhona.  
Inama yabereye i kiganda mu  
ntumbero yuko haba ukwumvikana  
ntiyaheze neza ku ruhande  
rw'umwami Mwezi. Umwami  
yategerejwe kwemera intwarz  
y'abadagi mugihugu ciwe, ibendera  
ry'abadagi riraduga. Turetse nivyo  
umwami yaremejwe gutanga uturere  
tubiri ku barwanyi babiri  
bamurwanya bashigikiwe n'Ubudagi.  
Kuvyo abasirikare biwe bononye  
ku badagi umwami yatanze inka  
zishika kumajana ane na mirongo  
ibiri na zine. Kuko yemeye ivyo,  
umwami yagumye ari kubutegetsi  
ariko igihugu gitwarwa n'abadagi.  
Iyo ntwarz yaramaze imyaka  
mirongo ibiri (1896-1916). Yahejejwe  
nuko Ubudagi butabandanije  
butwara ibihugu bwari bufise muri  
Afurika mugihe intambara ya mbere  
yo kwisi yose yariko iraba.

Iyo ntwarz y'Ubudagi m'Uburundi  
yarahungabaniye ubuzima mu buryo

bwinshi. Muri politike, Ubudagi  
bwari bwiyemeje kwubahiriza  
amategeko yari kuntwarz y'abami.  
Ariko ivyo vyagenze ukundi.  
Cokimwe n'izindi ntwarz  
z'abakoloni, Ubudagi bwakoresha  
politike yo kugabura no gutegeka.  
Ivyo vyarabandanijwe n'ababirigi  
baciye basubirira abadagi. Iyo  
ntwarz yaragize ingaruka mbi cane  
ku banyagihugu.

Amacakubiri ari hagati y'abahutu  
n'abatutsi yatanguriye ku ntwarz  
y'abanyamahanga. Ingaruka z'ayo  
macakubiri zirazwi: indwano  
hagati y'abanyagihugu gushika  
kw'ihonyabwoko ry'abatutsi mu  
Rwanda mu 1994 n'ukwigurira  
igihugu cacu kw'abanyamahanga.  
Naho ubukoloni  
bwahungabanishije politike  
n'amadini, ahubwo abakatolika  
n'abaporotesitanti nabone  
babigizemwo uruhara mu  
guhungabanya amadini n'imico  
kama bituma igihugu kigira  
imvune kitigeze gikira.

## Gusubira muri kahise

Ivyo bihugu bibiri bihuzwa  
n'akahise bisangiye. I Burundi  
hariho ivyibutso vyinshi vy'ako  
kahise. Nk'akarorero: hariyo  
itongo ry'abapfuye ry'abadagi.  
Ikirundi, ururimi rw'abanyagihugu  
rurafise amajambo amwe amwe  
y'ikidagi (Schule: ishule). Hari  
ibintu vyinshi vyo kumenya  
kur'ako kahise. Ivyerekeye intwarz  
y'abanyamahanga n'inkurikizi  
zayo, twovyigira hamwe. Muriyo  
ntumbero Bade-Wurtemberg  
irashobora gukora vyinshi.

*Déogratias Maruhukiro umupatiri  
akaba n'umwigisha muri Kaminuza  
y'i Friburg.*